

BAB I

BUBUKA

Dina ieu bab dipedar ngeunaan naon waé nu patali jeung bubuka, di antarana (1) kasang tukang panalungtikan, (2) rumusan masalah, (3) tujuan panalungtikan, (4) mangpaat panalungtikan, jeung (5) raraga tulisan.

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Interaksi jeung papada jalma geus jadi hal nu utama dilarapkeun nalika prosés komunikasi. Éta komunikasi téh ilaharna aya nu lumangsung sacara langsung (lisan), aya ogé nu sacara teu langsung atawa ngaliwatan sababaraha média nu tangtu, contona waé saperti tulisan sarta média séjén nu bisa dipaké dina prosés komunikasi. Ngaliwatan komunikasi, unggal jalma bisa silih tukeur informasi, pikiran, ngébréhkeun rasa, émosi, jeung sajabana. Aya sawatara ahli nu nétélakeun yén komunikasi téh kudu ngawengku sakabéh paripolah nu boga ma’na pikeun pamiarsa, naha éta téh sipatna langsung (*spontanitas*) atawa geus disusun sacara sistematis. Komunikasi kudu ngawengku pesen-pesen nu sipatna *spontanitas*, tapi dina prak-prakanna éta hal téh geus jarang kapanggih dina komunikasi. Lian ti minangka pakakas silih tukeur informasi, komunikasi ogé bisa dipaké minangka pakakas dina widang seni. Ieu hal téh luyu dumasar sawangan Severin jeung Tankard (2009) nu nétélakeun yén komunikasi mangrupa seni, boh éta nu dilakukeun sacara lisan (rétorika), tulisan (grafis, gambar, jeung aksara), jeung kréasi dina wangu digital.

Dina prosés komunikasi tangtuna waé aya patalina jeung basa, ku sabab basa mangrupa salasahiji pakakas nu ilaharna dipaké nalika komunikasi. Ku ayana éta basa, sagala rupa informasi, maksud, pesen, amanat, jeung tujuan nu rék ditepikeun ku panyatur boh dina wangu lisan ogé tulisan bisa katepikeun sacara gembleng ka masarakat. Basa mangrupa salasahiji sistem lambang sora nu sipatna arbitré, ilaharna dipaké pikeun gawé bareng, komunikasi, jeung ngaidéntifikasi sorangan. Lian ti éta, basa mangrupa sistem komunikasi nu raket patalina jeung pakakas ucapan (sora) kalawan maké lambang sora nu ngandung harti arbitré (manasuka) jeung

geus disapukan ku sakabéh masarakat tutur nu kalibet (konvénisional) (Kridalaksana, dina Sudaryat, 2014, kc. 14).

Basa mangrupa salasahiji pakakas nu dipaké nalika lumangsungna komunikasi, boh éta sacara lisan ogé sacara tulisan. Basa nu ditepikeun sacara lisan ilaharna sok aya dina kagiatan dina wangun lisan, tangtuna waé patali jeung kaparigelan basa dina widang nyarita jeung ngaregepkeun. Anapon conto larapna komunikasi basa sacara lisan misalna waé dina kagiatan paguneman, debat, diskusi, pintonan drama, jeung sajabana. Ari basa nu ditepikeun sacara tulisan mah ilaharna aya dina média tulisan, nu patali jeung kaparigelan maca ogé nulis. Anapon conto larapna komunikasi basa sacara tulisan, misalna waé warta dina majalah, informasi dina mading, dina buku pangajaran, buku sastra, buku bacaan biasa, jeung sajabana. Disawang tina segi tulisan, éta basa téh kacida pentingna dina nepikeun amanat atawa pesen ti panyatur ka pamiarsa atawa pangregep, ku ayana éta basa tangtuna waé unggal panyatur miharep sangkan tulisan nu geus dijieuné téh bisa ditarima ku pamiarsa.

Basa dina wangun tulisan tangtuna waé aya patalina jeung sagala rupa karya sastra, boh éta nu aya di Indonésia ogé di tatar Sunda. Karya sastra mangrupa gabungan antara pamikiran jeung rasa. Jadi henteu ngan saukur eusina ngeunaan carita kahirupan sapopoé, tapi nepikeun kahirupan nu dipatalikeun antara imajinasi jeung daya kréasi. Lian ti éta ogé, dirojong ku pangalaman jeung panalungtikan dumasar pangalaman hirup pangarang. Ku kituna, karya sastra nu ditepikeun pangarang teu ngan saukur hiburan hungkul, tapi eusina mangrupa ajén kahirupan jeung kualitas dina kahirupan sapopoé.

Karya sastra nu sumebar di tatar Sunda kacida réana, antukna dipasing-pasing deui jadi tilu bagéan, nyaéta wangun prosa, puisi, jeung drama. Ditilik tina eusina, unggal carita dina wangun prosa, hususna carpon diwangun ku narasi jeung omongan atawa dialog. Éta omongan ngawengku sababaraha kecap nu bisa jadi hiji kalimah sacara utuh tur gembleng. Omongan nu aya dina unggal carita téh tangtuna waé boga maksud tur ma'nana séwang-séwangan, sabada dititénan deui geuning pamaca téh tampolana mah teu paham kana maksud nu ditepikeun ku pangarang atawa panyatur, antukna mah sok aya salah tafsir. Sangkan éta masalah téh teu karandapan, urang kudu niténan kumaha larapna kaéda kabasaan nu aya dina éta

carita, ti mimiti pola omongan nepi ka conto larapna omongan nu ngarempak kaéda kabasaan dina éta carita. Ari sababna nu ngaranna komunikasi, kudu bisa lumangsung sacara harmonis tanpa ayana pabéntar paham atawa béda ma’na dina omonganana, sangkan maksud nu nyampak dina éta omongan téh bisa katepikeun sacara gembleng tanpa ayana pabéntar paham.

Kaéda dina katatabasaan, hususna dina widang pragmatik téh diwangun jadi dua kaéda, aya nu kaasup kaéda kasopanan aya ogé nu kaasup kana kaéda rempug jukung (gawé bareng). Unggal omongan nu nyampak dina caritaan tangtuna waé boga ma’na jeung hartina séwang-séwangan, ngan sakapeung mah naon nu rék ditepikeun ku panyatur téh kadang mah teu kaharti ku pamaca, lantaran aya maksud jeung tujuan séjén. Kitu deui pamaca nu boga pola pikirna sorangan, nu antukna kadang unggal pamaca téh bisa nafsirkeun hiji omongan téh béda-béda hartina. Sangkan teu béda harti tur maksud nu aya dina éta omongan téh bisa katepikeun sacara gembleng dibarung ku interaksi nu kawilang hadé, antukna kudu diselaraskeun atawa disaruakeun ngaliwatan salasahiji prinsip, nyaéta prinsip rempug jukung (Sudaryat, 2020, kc. 146).

Salasahiji karya sastra nu mangrupa buku Kumpulan Carpon “Teu Tulus Paéh Nundutan” karyana Ki Umbara jadi bahan ieu panalungtikan. Dina éta buku kapanggih rupa-rupa omongan anu nuduhkeun prinsip rempug jukung. Upamana waé, dina omongan “*Teu kénging nanaon, Mang! Anak baé gereyek sakenep-genep.*” Kaasupna kana maksim jumlah (kuantitas), nu ngadeudeul atawa méré kontribusi sacukupna atawa sajumlah nu dipikabutuh ku pamiarsa.

Najan kitu, ulikan pragmatik ngeunaan prinsip rempug jukung (kooperatif) téh lain panalungtikan nu anyar. Aya sababaraha panalungtikan saméméhna nu nalungtik hal nu ampir sarua. Kahiji aya “Prinsip Konvérnsasi jeung Wujud Pragmatis Kalimah dina Naskah Drama “Jam Hiji Duapuluhan Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita: Ulikan Pragmatik” (Sartika, 2022), nu nalungtik ngeunaan paguneman atawa omongan dina salasahiji naskah drama, nu dianalisis dumasar prinsip konvérnsasi (kasopanan jeung rempug jukung) sarta wujud pragmatis dina unggal omonganana. Nu kadua aya “Prinsip Gawé Bareng jeung Sipat Omongan dina Kumpulan Carpon Murang-maring Karya Godi Suwarna” (Mauldhini, 2022), nu nalungtik ngeunaan sipat omongan dumasar prinsip gawé bareng nu kapanggih

dina kumpulan carpon *Murang-maring*. Nu katilu aya “Tingkat Kasatuhuan Prinsip Gawé Bareng dina Paguneman Kalawarta TVRI Jawa Barat” (Marwah, 2020), nu nalungtik tingkat kasatuhuan jeung kateusatuhuan prinsip gawé bareng jeung dilengkepan ku sababaraha faktor nu mangaruhan ayana kateusatuhuan prinsip gawé bareng dina acara Kalawarta TVRI Jawa Barat. Éta panalungtikan téh medar pasualan ngeunaan prinsip konvérnsasi, prinsip gawé bareng, tingkat kasatuhuan jeung kateusatuhuan, sipat omongan, jeung wujud pragmatis kalimah. Pon kitu deui, dina ieu panalungtikan téh medar ogé perkara nu ampir sarua, bédana dina ieu panalungtikan dipedar leuwih teleb tur leuwih difokuskeun kana prinsip rempug jukung (kooperatif) nu aya dina omongan unggal carita. Lian ti éta ogé, hal nu diulik katut sumber data nu dikumpulkeunna béda jeung sumber tina panalungtikan saméméhna, lantaran panalungtik ngadumaniskeun sababaraha sumber pikeun jadi bahan référénsi dina panalungtikanana.

Dumasar pedaran di luhur, ieu panalungtikan téh kawilang penting pikeun dilaksanakeun, lantaran bisa ngajembaran élmu pangaweruh dina widang kabasaan, hususna sababaraha omongan nu ngandung prinsip rempug jukung (kooperatif) dina karya sastra Sunda. Ku kituna, ieu panalungtikan téh nu judulna “Prinsip Rempug Jukung dina Kumpulan Carpon *Teu Tulus Paéh Nundutan* karya Ki Umbara (Ulikan Pragmatik)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Larapna omongan dina carpon téh kacida réana, ngan sakapeung mah pamaca téh kurang maham kana maksud nu ditepikeun ku panyatur dina éta carita, nu antukna sok aya salah tafsir atawa ayana parobahan ma’na dina éta caritaan. Sangkan komunikasi téh bisa lumangsung dua arah (interaktif), teu pabéntar paham, jeung kaharti naon eusi caritaanana. Antukna, kudu diluyukeun dumasar kaé dah katatabasaan nu lumaku dina widang pragmatik, salasahijina nyaéta prinsip rempug jukung.

Dumasar kasang tukang di luhur, masalah dina ieu panalungtikan téh dirumuskeun dina tilu kalimah pananya ieu di handap.

- a. Omongan-omongan naon waé nu ngandung prinsip rempug jukung dina kumpulan carpon *Teu Tulus Paéh Nundutan* karya Ki Umbara?

- b. Kumaha maksim-maksim omongan rempug jukung dina kumpulan carpon *Teu Tulus Paéh Nundutan* karya Ki Umbara?
- c. Kumaha larapna omongan nu ngarempak prinsip rempug jukung dina kumpulan carpon *Teu Tulus Paéh Nundutan* karya Ki Umbara?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan téh ngabogaan dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan téh boga tujuan pikeun mikawanoh, ngadéskripsikeun, sarta medar ngeunaan prinsip rempug jukung nu aya dina buku kumpulan carpon *Teu Tulus Paéh Nundutan* karya Ki Umbara.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan téh boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal di handap.

- a. Omongan-omongan nu ngandung prinsip rempug jukung dina kumpulan carpon *Teu Tulus Paéh Nundutan* karya Ki Umbara.
- b. Maksim-maksim omongan prinsip rempug jukung dina kumpulan carpon *Teu Tulus Paéh Nundutan* karya Ki Umbara.
- c. Larapna omongan nu ngarempak prinsip rempug jukung dina kumpulan carpon *Teu Tulus Paéh Nundutan* karya Ki Umbara.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Luyu jeung rumusan masalah, ieu panalungtikan téh ngabogaan dua mangpaat, nyaéta mangpaat sacara tioritis jeung mangpaat sacara praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan téh boga mangpaat sangkan bisa ngajembaran pangaweruh dina widang pragmatik, utamana dina hal-hal nu aya patalina jeung prinsip rempug jukung.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan téh boga mangpaat pikeun sababaraha pihak nu kalibet, di antarana baris dipedar ieu di handap.

- a. Pikeun panalungtik, bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan pragmatik, hususna hal-hal nu patali jeung prinsip rempug jukung. Lian ti éta ogé bisa nambahán pangalaman panalungtik dina nganalisis sawatara hal nu patali jeung aspék kabasaan nu aya dina karya sastra Sunda, utamana dina wangu prosa.
- b. Pikeun nu maca, bisa nambahán élmu pangaweruh ngeunaan prinsip rempug jukung dina buku kumpulan carpon *Teu Tulus Paéh Nundutan* karya Ki Umbara, lian ti éta ogé bisa jadi bahan référénsi pikeun panalungtikan dina widang kabasaan, khususna pragmatik.
- c. Pikeun pangajar (pangatik), jadi référénsi bahan ajar nu harepanana bisa dipaké dina prosés pangajaran di sakola.
- d. Pikeun pamilon atikan (peserta didik), bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan kabasaan, hususna dina sawatara hal nu raket patalina jeung prinsip rempug jukung (kooperatif).

1.5 Raraga Tulisan

Dina ieu panalungtikan téh diwangun ku lima bab, nu baris dipedar ieu di handap.

Bab I Bubuka, ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan (tujuan umum jeung tujuan husus), mangpaat panalungtikan (mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis), sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina pedaran prinsip rempug jukung dina pragmatik nu ngawengku wangenan tur kasaluyuan prinsip rempug jukung katut maksim omongan prinsip rempug jukung, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Métode Panalungtikan, ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, ngawengku hasil panalungtikan nu mangrupa data omongan nu kagolong prinsip rempug jukung, maksim omongan dina prinsip rempug jukung, omongan nu ngarempak jeung ngukuhan prinsip rempug jukung, sarta pedaran.

Bab V Kacindekan jeung Saran, ngawengku kacindekan tina hasil analisis, implikasi, jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.